



YAYASAN PENDIDIKAN ISLAMIYAH

MADRASAH IBTIDAIYAH ISLAMIYAH KEDUNGGAMBU

Alamat : Desa Jambangan Kecamatan Paron Kabupaten Ngawi Kode Pos : 63253

Terakreditasi: A

Email : mis.islamiyahkedungjambu0020@gmail.com

NPSN : 60717905

NSM:111235210020


SUMATIF AKHIR SEMESTER TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Nama :	Mapel : Bahasa Jawa
Kelas : VI (enam)	Hari/Tanggal : 09 Desember 2023

I. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b utawa c kang paling bener!

- Ing ngisor iki tuladhane teks narasi faktual, *kejaba*....
 - pawarta
 - pengalaman pribadi
 - dongen
 - profil tokoh
- Teks kang isi lan andharane ngajak, narik kawigaten liyan, ngyakiniake, lan ndayani, diarani teks
 - narasi
 - persuasi
 - deskripsi
 - argumentasi
- Kedadean/peristiwa lagi anget-angete dadi bahan omongane masyarakat, minangka salah siji titikane teks
 - pawarta
 - persuasi
 - sesanti
 - pariwara
- Teks kang ngandharake tetembungan kang bisa nuwuhake rasa semangat, isine ngajak lan ngelingake sarta aweh motivasi, yaiku jinise teks
 - sesanti
 - iklan
 - pawarta
 - pariwara
- "*Omahku, swargaku*". Tuladhane
 - sesanti
 - sumpah
 - pawarta
 - pariwara
- "Sabene dina manungsa mbutuhake aoksigen sing diwetokake dening wit-witan, mulane ayo padha nandur wit-witan ing sakiwa tengene!"

Teks ing dhuwur kalebu teks

 - pawarta
 - persuasi
 - slogan
 - pariwara
-  Gambar ing sisih, tuladhane
 - logo
 - cover
 - iklan
 - slogan
- Informasi kang lengkap kudu
 - nyakup 5W + 1H
 - jelas sumber
 - dawa tulisane
 - narik kawigaten
- Tata carane nyritakake isine teks pawarta sing becik yaiku
 - Nggunakake tembung-tembung sing angel dingerteni.
 - Olehe nyritakake lancar lan runtut (ora mbulet)
 - Olehe nyritakake didawak-dawakke supaya suwe
 - Basa sing digunakake basa sing kasar lan basa campuran.

10. Jroning pawarta, informasi sing diandharake kudu isa dipercaya, nuduhake menawa pawarta iku
- a. bener b. akurat c. lengkap d. manjila
11. Tembang macapat uga diarani tembang
- a. cilik b. tengah c. gedhe d. dolanan
12. Tembang macapat ana
- a. 8 b. 9 c. 10 d. 11
13. Ing ngisor iki tuladhane tembang macapat, yaiku
- a. Padhang Mbulan b. Jamuran c. Bapak Pocung d. Lir-Ilir
14. Grapak, renyah, iku watake tembang
- a. Sinom b. Pocung c. Maskumambang d. Mijil
15. Supaya bisa nerangake isine tembang macapat, ing ngisor iki bab sing kudu dilakoni, *kejaba*
- a. Nerangake tegese tembung-tembung kang utama
- b. Ngudhari tegese tembung-tembung kang angel dimangerteni
- c. Nerangake karepe ukara jroning tembang
- d. Ngitung guru gatra lan guru wilangane tembang
16. Tembung tartamtu sajroning tembang sing bisa nuduhake jinise tembang diarani
- a. subasita b. sasmita c. titikan d. watak

Gatekna tembang Pangkur ing ngisor iki, kanggo mangsuli pitakon no 17-20!

Bocah-bocah dha sekolah

Wiwit biyen nalika isih cilik

Sregepe anggolek ilmu

Wayah esuk lan awan

Ngrungokake parentahe para guru

Lan bisa ngerti agama

Agama ngarsaning

17. Yen gatra 8, guru lagun wilangane 8i, mula tembung kang trep karo paugerane yaiku
- a. ati b. gusti c. nagari d. agami
18. Guru lagu lan guru wilangane gatra 3 yaiku
- a. 7u b. 8u c. 7i d. 8i
19. Guru lagu gatra 3, 5, 6, yaiku
- a. 8u-12u-8a b. 8u-11u-8a c. 8u-12u-7a d. 8u-11u-7a
20. Tegese gatra 5 yaiku
- a. Nggatekake apa kang dingendikake bapak/ibu guru
- b. Sregep sinau ilmu pengetahuan uga ilmu agama
- c. Rukun ora congkrah karo kanca
- d. Nggarap PR saben ana

21. Gatekna pernyataan ing ngisor iki!
- | | |
|--|-----------------------|
| I. Tanpa jejer | V. Tegese entar |
| II. Gegambaran arupa kahanan | VI. Tegese wantah |
| III. Nganggo gegambaran arupa barang/kewan | VII. Ajeg panganggone |
| IV. Lumrahe ana jejere | |
- Ing ngisor iki titikane unen-unen bebasan, *kejaba*
- | | | | |
|---------------|----------------|--------------|----------------|
| a. III, IV, V | b. III, IV, VI | c. IV, V, VI | d. II, IV, VII |
|---------------|----------------|--------------|----------------|
22. Unen-unen kang ajeg panganggone, tanpa jejer, lugas tegese, kalebu ...
- | | | | |
|-----------|------------|------------|--------------|
| a. saloka | b. bebasan | c. parikan | d. paribasan |
|-----------|------------|------------|--------------|
23. "*Pitik trondol diumbar ing padaringan*", tuladhane
- | | | | |
|------------|-----------|---------------|--------------|
| a. bebasan | b. saloka | c. cangkriman | d. paribasan |
|------------|-----------|---------------|--------------|
24. Mikul duwur, mendhem
- | | | | |
|----------|---------|-----------|---------|
| a. mayit | b. jeru | c. cethek | d. rasa |
|----------|---------|-----------|---------|
25. Sembarang tumindak (ala/becik) bakal konangan. Paribasane
- | | |
|------------------------------|------------------------|
| a. Becik ketitik, ala ketara | c. Jer Basuki mawa bea |
| b. Ing ngarsa sung tuladha | d. Kebo nusu gudhel |
26. ... ing pamrih, rame ing gawe.
- | | | | |
|----------|---------|---------|---------|
| a. gelem | b. wani | c. sepi | d. rame |
|----------|---------|---------|---------|
27. "*Kodhok nguntal gajah*", tegese
- | |
|---|
| a. Wong sing duwe kekarapan kang mokal kalakone |
| b. Wong tuwa njaluk wuruk marang wong nom |
| c. Wong kang uripe memelas |
| d. Wong becik dianggep wong ala |
28. Pak Noyo sekeluarga urip sarwa kekurangan. Duwene anak 4 kang padha isih kemragat. Pak Noyo ora duwe pegaweyan kang gumathok. Kanggo mangan wae, ngandalake wewehing tangga teparo.
- Bebasan kang trep karo kahanane Pak Noyo yaiku
- | | |
|---------------------------|-------------------------------|
| a. Nututi layangan pedhot | c. Kecing-kecing diraupi |
| b. Kere munggah bale | d. Kandhang langit kemul mega |
29. Kang kalebu unen-unen jawa yaiku
- | | |
|--------------------------------|---------------------------------|
| a. bebasan, paribasan, saloka | c. saloka, paribasan, pepindhan |
| b. bebeasan, saloka, pepindhan | d. saloka, baradha, pepindhan |
30. Sing padha antarane paribasan, bebasan, lan saloka yaiku ...
- | | |
|------------------------------------|---|
| a. tetembungane tetep, cacah ganep | c. tetembungane tetep, ora owah |
| b. tetembungane tetep, isine owah | d. tete,bungane tetep, ganep, bisa owah |

II. Genepana ukara-ukara ing ngisor iki nggunakake tembung sing trep!

- "*Yen kepingin sehat, ngombe jamu herbal asli ramuane Mak Bawor sing wis kondang nganti tekan ngendi-ngendi*". Teks kasebut, kalebu jinise teks
- Teks kang ngandharake samubarang apa anane, bisa lelakon, barang, bisa apa wae sing dadi lesan, diarani teks

3. Sesanti uga diarani
4. Tembang macapat sing cacahé gatra paling sithik yaiku
5. “*Marang dulur anom ira*” Guru wilangane yaiku
6. Nelangsa, karanta-ranta, mujudake watak tembang
7. “*Kebo nusu ...*” kanggo njangke saloka ing sisih, titik kudune
8. “*Udan tangis*”, kagolong
9. Emban cinde, emban siladan, tegese
10. Unen-unen arupa paribasan, lumrahe duweni teges kang

III. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

1. Tulisna 2 wae titikane teks pawarta!
2. Tulisna 3 wae kang kalebu tembang macapat!
3. Jelasna apa iku guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu?
4. Tulisna saloka kang duweni teges “*wong kang duwe kekeparepan sing mokal kalakone*”!
5. Tulisna 3 wae titikane bebasan!